



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-150**

Sijè: **PWOSESIS POU ELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75**

Kategori: **KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL (CITYWIDE COUNCIL ON SPECIAL EDUCATION (CCSE))**

Pibliye : **29 avril 2021**

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) D-150 ki gen dat jedi 28 janvyè 2021.

Chanjman:

- Li bay twa vòt pou chak elèv ki elijib pou vote olye yon vòt pa elèv ki elijib (Seksyon I.E.1.b ak II.F.1.b).



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-150**

Sijè: **PWOSESIS POU ELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75**

Kategori: **KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL (CITYWIDE COUNCIL ON SPECIAL EDUCATION (CCSE))**

Pibliye : **29 avril 2021**

### REZIME

Règleman sa a bay detay sou kondisyon elijiblite ak sou pwosesis nominasyon ak seleksyon manm CCSE ak manm konsèy distri 75 (D75 Council), epi li tabli pouvwa ak responsablite D75 Council. Li endike tou yon pwosesis pou mete manm nan pòs vid yo.

#### **I. KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL (CITYWIDE COUNCIL ON SPECIAL EDUCATION, CCSE)**

##### **A. Konpozisyon**

Pral genyen yon konsèy vil pou Edikasyon espesyal ("CCSE") ki gen 11 manm ki ka vote ak yon manm elèv ki pa ka vote. Nèf nan manm ki ka vote yo dwe se paran elèv ki gen yon IEP ke yo chwazi dapre pwosedi ki tabli nan regleman an, epi de lòt manm ki ka voye yo se defansè piblik vil Nouyòk ki nonmen yo. Biwo Edikasyon Espesyal Vil Nouyòk nonmen manm elèv la.

##### **B. Elijiblite**

###### **1. Manm paran**

- a. Tout manm paran ki gen fonksyon nan CCSE a dwe se paran elèv ki gen IEP.
- b. Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li (foster parent)), responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak kontwòl yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.
- c. Tout paran elèv ki gen yon IEP k ap resevwa kounye a sèvis edikasyon espesyal DOE ofri ak/oswa peye elijib pou vin kandida pou yon plas nan CCSE
  - a.

D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021

- d. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an voye yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CCSE a.
- e. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki pa gen yon timoun ki kalifye ankò ak yon IEP pandan dire manda l , pa p elijib ankò kòm manm apati dat li pa paran yon elèv ki gen IEP ankò.
- f. Dire manda manm paran yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.

2. Manm ke Defansè piblik la nonmen

- a. De manm ke Defansè piblik la nonmen yo dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan domèn edikasyon, nan fòmasyon, nan trening oswa nan anbochaj moun ki gen andikap ki pral kontribye anpil pou amelyore edikasyon espesyal nan lekòl Vil Nouyòk. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.
- b. Moun k ap chèche nominasyon nan CCSE apati Defansè piblik la dwe pran yon aplikasyon nan Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE), ak voye fòm ranpli a nan FACE atravè cceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay Defansè piblik lan. Tout desizyon nominasyon ap pran dapre pwòp volonte defansè piblik la.

3. Manm elèv (manm ki pa ka vote)

- a. Elèv lekòl segondè ki gen yon IEP k ap nan dènye ane pandan ane yo nan konsèy la ap elijib pou Biwo Edikasyon Espesyal (OSE) nonmen yo. Nan règleman sa a, yon senior se yon elèv nan dènye ane lekòl segondè ki gen 30 kredi lekòl segondè.
- b. Elèv ki enterese dwe pran yon aplikasyon nan FACE epi voye aplikasyon ki ranpli an nan FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay OSE. OSE a ap pran desizyon sou nominasyon an nan pwòp volonte l.  
Manm elèv ki pa ka vote yo eli pou yon manda yon ane ki kòmanse apati 1ye jiyè epi pou fini 30 jen ane apre a.

4. Moun ki pa elijib pou vin manm

- a. Moun sa yo pa elijib:
  - i. Moun ki nan yon pòs leta oswa moun yo eli oswa nonmen oswa moun yon pati nome nan yon pòs leta (eksepte delege oswa delege pwovizwa

D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021

nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè eta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan yon komite rejyon (county));

- ii. Anplwaye k ap travay pou DOE kounye a;
- iii. Moun ki nan yon lòt Konsèy Tout Vil la oswa nan nenpòt Konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC);
- iv. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP);
- v. Moun yo te revoke nan yon Asosyasyon Paran (Parent Asosyasyon, PA)/Asosyasyon Pwofesè-Paran (Parent Teacher Association, PTA), nan yon Ekip lidèchip lekòl (School leadership Team, SLT), nan Konsèy Prezidan Distri (District Presidents' Council, DPC), nan Konsèy lekòl segondè Borough (Borough High School Council, BHC), nan Komite Tit I, oswa nan konsèy lekòl kominotè pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa komite dirijan sa a; epi
- vi. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè.

b. Moun sa yo ka pa elijib:

- i. Moun ki angaje nan yon zak mekanste ki gen rapò dirèk ak sèvis yo nan yon CEC oswa nan yon Konsèy tout vil; oswa
- ii. Moun yo te kondane pou yon krim, si yo konsidere kondanasyon sa a dapre Atik 23-A lwa penal Nouyòk.

C. Lè moun ap chèche eli nan CCSE

1. FACE ap pibliye pwosesis eleksyon an, ki gen ladan kalandriye pou voye aplikasyon ak vote, apati janvye ane eleksyon an.
2. Paran ki enterese pou vin manm CCSE a ap voye yon aplikasyon sou entènèt atravè yon kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools Account, "NYCSA") . Paran ki pa gen aksè nan entènèt dwe fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa nan biwo distri a, oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou jan pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik yo.
3. Kandida yo ap sètifye nan aplikasyon an ke yo mete tout timoun yo ki nan lekòl DOE sou kont NYCSA yo. Y ap konsidere yon kandida ki aplike pou CCSE se yon reprezantan distri a nan chak kote kandida a gen yon timoun ki gen yon IEP ki ale

lekòl la. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak distri kote l se yon reprezantan, sa ap lakoz yo diskalifye li.

4. Kandida yo ka aplike pou otan konsèy Edikasyon Vil la ak/oswa kominote ke yo elijib men, si yo eli, yo pral otorize pou sèvi nan sèlman youn. Kandida ki swete aplike pou plizyè konsèy dwe klase yo dapre lòd preferans; si yo eli nan plis pase yon konsèy, y ap plase yo nan konsèy yo te klase pi wo a.

#### D. Fowòm Kandida

1. FACE pral fè omwen yon Fowòm Kandida kote yo pral pèmèt kandida yo fè prezantasyon pou paran ak lòt pati enterese yo.
2. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan peryòd vòt lan kòmanse, ki dwe fini avan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an.
3. Fowòm Kandida yo ka fèt nan yon lokal fizik oswa sou yon platfòm reyinyon vityèl. FACE pral detèmine dat, lè ak fòm pou chak Fowòm Kandida a. Nan ka yon fowòm an pèsòn, FACE pral mete yon lokal ki aksesib, ki respekte nòm ADA ak pran ak responsab pri tout pèmi ki nesèsè pou lokal DOE. Nan ka fowòm ki fèt nan yon platfòm vityèl, FACE pral responsab peye platfòm lan ak bay asistans teknik pandan reyinyon an.
4. Avan chak Fowòm Kandida, FACE pral mete pòsyon aplikasyon chak kandida disponib k ap gen non kandida a, lekòl ak pwogram timoun yo, ak deklarasyon pèsònèl (“Pwofil Kandida”). Yo pral afiche Pwofil Kandida yo nan sitwèb DOE pou paran ak piblik la ka wè. FACE pral bay tou kopi pou yo distribye nan Fowòm Kandida k ap fèt anpèsòn yo.

#### E. Pwosesis eleksyon

1. Moun ki elijib pou vote
  - a. Paran yon elèv ki gen yon IEP k ap resevwa kounye a sèvis edikasyon espesyal epi ki enskri nan lekòl DOE elijib pou vote pou CCSE.
  - b. Yo ka bay twa vòt pa elèv ki elijib.
2. Vòt
  - a. Nou ankouraje paran yo pou vote sou entènèt atravè aplikasyon NYCSA.

- b. Paran ki pa gen aksè nan entènèt ka fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa biwo distri a pou tabli yon kont NYCSA epi vote, oswa rele 311 pou enfòmasyon pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik.
- c. Bilten vòt an papyè pral disponib tou nan biwo sipèentandan yo. Si yon biwo sipèentandan kreye yon kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non yon paran, biwo sipèentandan an dwe kenbe dosye bilten vòt an papyè paran an ranpli an ki endike chwa paran, konsantman paran an pou biwo sipèentandan an kreye kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non paran an, ak yon sètifika ke biwo sipèentandan an te antre vòt paran an nan non paran an.

### 3. Plas kandida yo

- a. Pami nèf manm nan CCSE, de dwe se paran elèv ki enskri nan yon pwogram Distri 75 (“Paran Distri 75”). Yo ka mete nenpòt lòt paran ki elijib nan lòt sèt pòs yo. Anplis, Distri 75 pa ka gen plis pase de reprezantan paran nan CCSE ak, sof si nan mezi nesèsè pou ranpli tout plas yo, okenn lòt distri eksepte Distri 75 ka gen plis pase yon reprezantan paran nan CCSE a.
- b. Lè yo fin konte bilten vòt yo:
  - i. Y ap chwazi sèt kandida ki gen pi gwo kantite vòt yo pou ranpli yon pòs sou kondisyon. Sepandan, si pami kandida sa yo gen plis pase de paran Distri 75, yo dwe chwazi 2 paran Distri 75 ki gen pi gwo kantite vòt yo, epi yo ap retire tout lòt paran Distri 75 ki gen mwens kantite vòt yo, konsa yo pral chwazi finalman yon kantite kandida egalego ki genyen dezyèm kantite vòt yo sou kondisyon.
  - ii. Si nan sèt kandida ki gen pi gwo kantite vòt yo, apre yo fin retire tout sof 2 paran Distri 75 lan, gen plis pase yon kandida ki soti nan menm distri a (ki pa Distri 75), yo pral chwazi kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a, y ap retire kandida ki gen kantite vòt ki pi piti a, epi yo pral chwazi pwochen kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a ki soti nan yon lòt distri ki poko reprezante nan CCSE a sou kondisyon.
  - iii. Si gen de paran Distri 75 pami sèt kandida yo chwazi sou kondisyon yo apre yo fin elimine kandida ki nan menm distri yo, y ap chwazi sou kondisyon pwochen de kandida ki gen pi gwo kantite vòt ki pa nan menm distri ak sèt kandida yo deja chwazi sou kondisyon yo pou ranpli de pòs ki rete yo nan CCSE a.

- iv. Si gen de paran Distri 75 pami sèt kandida yo chwazi sou kondisyon yo apre eliminasyon kandida ki soti nan menm distri yo, donk y ap chwazi jiska de paran Distri 75 ki gen plis kantite vòt yo sou kondisyon.

4. Dezyèm tou eleksyon

a. Y ap fè dezyèm tou eleksyon lè:

- i. gen de oswa plizyè kandida ki gen menm kantite vòt;
- ii. Mwens pase 2 paran Distri 75 te resevwa kèk vòt; oswa
- iii. youn oswa plizyè pòs rete vid apre tout kandida ki pa pataje yon distri avan eli nan CCSE a.

b. Nan ka gen de oswa plizyè kandida gen menm kantite vwa, se sèlman kandida sa yo ki te gen menm kantite vòt yo ki pral patisipe nan lòt tou eleksyon yo.

c. Nan ka yon dezyèm tou eleksyon akòz mwens pase de paran Distri 75 te resevwa vòt, se sèlman kandida ki se paran Distri 75 ki pral patisipe nan dezyèm tou eleksyon pou pòs Distri 75 lan.

d. Si gen yon dezyèm tou akòz yonn oswa plizyè plas ki e vid apre eliminasyon kandida ki gen timoun nan distri yo deja reprezante nan CCSE a, se sèlman kandida yo p at chwazi sou kondisyon, epi ki pa gen timoun nan yon distri ki deja reprezante pami kandida ki okipe pòs yo k ap nan dezyèm tou a. Si dezyèm tou eleksyon an pa rive ranpli tout pòs vid yo, donk yo pa pral aplike restriksyon konsènan distri (lòt ki pa Distri 75) pa gen plis pase yon reprezantan nan CCSE a.

e. Kote rezilta lòt tou eleksyon yo nil oswa kote kandida yo gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis seleksyon an pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.

f. Si pwosesis lòt tou eleksyon yo pale pi wo a pa rive ranpli tout pòs yo, oswa nan Distri 75 pa te gen 2 reprezantan nan CCSE, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon I.I nan règleman sa a.

F. Evalyasyon kalifikasyon/elijiblite apre chwa

D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021

1. Apre yo fin chwazi kandida yo sou kondisyon men avan yo kòmanse fonksyon yo, FACE ap detèmine si kandida yo elijib pou sèvi nan CCSE a. Si FACE detèmine yon kandida pa elijib, FACE ap pibliye yon desizyon alekri ki gen ladan baz legal, ak prèw pou piblikasyon li an. Tout kandida FACE konsidere ki pa elijib pou pòs la ak kandida ki gen plis kantite vòt ki vin apre a, toutotan kandida a pa soti nan yon distri ki deja gen reprezantan nan CCSE a.
2. Si yon kandida vin pa elijib oswa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a fini 30 jen ane eleksyon an oswa avan dat sa a, y ap sanse chwazi sou kondisyon kandida ki pa sòti nan yon Distri ki deja gen reprezantan nan CCSE a, ki te gen plis vòt pandan premye tou a apre kandida sa a.
3. Si yon kandida pa elijib oswa diskalifye ranpli yon plas ki rezève pou paran distri 75, y ap seleksyone sou kondisyon kandida ki se paran yon elèv ki nan distri 75 ki te vin apre avèk plis kantite vòt nan premye seleksyon an.
4. Si kandida yo chazi yo jan yo di nan seksyon sa gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
5. Si pa gen kandida elijib ki disponib pou chwazi, ap sanse genyen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

#### G. Kalandriye

1. Y ap fè eleksyon manm CCSE yo chak dezan, nan ane ki pa pè yo. Vòt la ap fini nan dezyèm Madi mwa me, ladan lòt tou eleksyon ki nesèsè.
2. Pwosesis eleksyon an ap kòmanse an janvyè ane y ap fè eleksyon an, kote FACE ap pibliye enfòmasyon konsènan wòl, pòs, ak aktivite CCSE a, enfòmasyon sou kandida, ansanm avèk nati aplikasyon ak pwosesis eleksyon an.
3. Manda manm CCSE yo ap kòmanse 1ye jiyè apre eleksyon an epi fini 30 jen dezan apre. Yo mande tout manm CCSE yo pou ale nan yon sesyon oryantasyon FACE òganize avan kòmansman manda yo, epi omwen yon lòt trening nan dezyèm ane manda yo.

#### H. Demisyon

##### 1. Manm paran

Demisyon manm paran yo dwe fèt alekri, bay FACE nan [cceinfo@schools.nyc.gov](mailto:cceinfo@schools.nyc.gov). Demisyon yo ap efektif imedyatman lè yo rive nan men FACE sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifiye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè FACE dakò.



2. Manm ke Defansè piblik la nonmen

Demisyon manm ke Defansè piblik la nonmen yo dwe fèt alekri pou Defansè piblik la, avèk yon kopi pou FACE nan ccecinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif kou yo bay Defansè piblik la li sofsi yo espesifye l pou yon dat apre. Manm yo ka pa ka retire, ni anile, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

3. Manm elèv

Demisyon manm elèv yo dwe fèt alekri, pou OSE a, avèk yon kopi pou FACE nan ccecinfo@schools.nyc.gov. Demisyon sa a dwe efektif depi yo bay OSE li sofsi yo espesifye yon lòt dat alavni. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè OSE dakò.

I. Pòs vid

1. Pòs manm paran ak pòs Defansè piblik nonmen ki vid yo

a. Manm CCSE ki, nan fen manda yo, refize oswa neglije ale nan twa reyinyon mansyèl regilye CCSE a, san yo pa bay yon eskiz valid alekri, alòske yo te mete yo okouran kòmmsadwa, yo konsidere ke yo kite fonksyon an.

i. Y ap mete nan pwosèvèbal ofisyèl reyinyon sa a chak absans ak tout eskiz alekri manm sa yo bay.

ii. Bagay sa yo reprezante eskiz valab pou absans: lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CCSE a oswa yon moun nan fanmi manm lan pran nan yon aksidan, lòd tribinal pou l prezante l paegzanp pou ranpli obligasyon l kòm manm nan jiri ; travay militè; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè manm lan oblije absan nan reyinyon yon CCSE ak lòt rezon CCSE a jije apwopriye. Yo ka konsidere lòt rezon sa yo valab si yo mete CCSE a okouran alekri pa pi ta pase 15 jou apre absans lan epi yo apwouve yo avèk vòt CCSE nan pwochen reyinyon kote ki gen kowòm yo pwograme chak mwa yo.

iii. Apre twazyèm absans manm lan san l pa bay eskiz valab, CCSE a ap deklare pòs la vid atravè desizyon epi l ap mete FACE okouran konsènan mezi sa a. Si yo deklare pòs manm Defansè piblik la te nonmen an vid, CCSE a dwe fè Defansè piblik la konnen tou.

b. Lè gen yon pòs paran ki vid, CCSE a ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko fini an atravè yon eleksyon nan yon reyinyon piblik.

**D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021**

- i. CCSE a ap piblye pòs vid la tout kote, dekri pwosesis aplikasyon an ak espesifye yon delè pou voye aplikasyon yo ale.
  - ii. Tout kandida yo dwe jwenn yon Aplikasyon pou pòs ki vid nan CCSE a epi voye fòm ki ranpli a ba FACE. FACE ap gade si yo elijib pou ranpli pòs la, epi l ap voye pòsyon aplikasyon kandida ki elijib yo ba CCSE a.
  - iii. Si pòs vid lan se yon plas yon paran yon ELL genyen, epi gen mwens pase de manm paran ki rete nan distri 75, sèl kandida elijib yo se pral paran Distri 75.
  - iv. Y ap bay paran elèv ki gen IEP yo opòtinite pou yo fè rekòmandasyon alekri pou yo pale avèk CCSE a avan yo konble pòs vid la.
- c. Si CCSE a pa rive mete yon manm nan pòs manm paran ki vid la sou 60 jou apre yo deklare okenn kandida pa rive gen majorite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje yo. Si CCSE a pa ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a dwe bay lòd pou nonmen yon moun nan pòs vid CCSE a.
  - d. Lè pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen vin vid, Defansè piblik la dwe nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Moun ki enterese yo dwe jwenn yon aplikasyon pou moun Defansè piblik la nonmen an nan FACE epi retounen fòm lan bay FACE lè l fin ranpli. FACE dwe gade elijiblite pou ranpli pòs la, epi voye aplikasyon an bay Defansè piblik lan. Tout desizyon nominasyon dwe pran avèk diskresyon Defansè piblik la.

## 2. Pòs manm elèv ki vid

Nan ka gen yon pòs elèv vid, OSE a ap nonmen yon lòt elèv dènye ane ki gen IEP pou fè rès manda ki poko ekspire a. Direktè anchèf pou akonplisman elèv ki gen andikap ak ELL la dwe enfòmè FACE ak CCSE a sou nominasyon an.

## II. KONSÈY DISTRI 75

Pral gen yon Konsèy Distri 75 (D75) nan tout vil la (“D75 Council”) ki tabli pou reprezante paran timoun nan pwogram ak lekòl distri 75 nan tout vil la.

### A. Devwa ak responsablite

1. Konsèy D75 lan ap gen pouvwa ak devwa sa yo:
  - a. Konseye ak fè kòmantè sou regleman sou edikasyon ak enstriksyon ki konsènan sèvis yo bay nan distri 75;

D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021

- b. Fè yon rapò anyèl sou efikasite distri vil la nan fasyon li bay elèv Distri 75 sèvis epi fè rekòmandasyon kòm sadwa, sou fason pou amelyore efikasite ak jan yo bay sèvis sa yo; epi
  - c. Fè omwen yon reyinyon pa mwa pou tout piblik la kote piblik la ka diskite pwoblèm elèv distri 75 genyen.
2. Konsèy D75 gen dwa pou anplwaye moun, sipèvize, evalye ak revoke yon sekretè k ap jwe wòl sa yo:
- a. Prepare avi sou reyinyon, agenda ak pwosè-vèbal;
  - b. Dokimante ak kenbe dosye jijman ak lòt reyinyon konsèy D75; epi
  - c. Prepare materyèl pou ekspoze briefing ak lòt materyèl ki gen enfòmasyon pou reyinyon.

**B. Konpozisyon**

Konsèy D75 lan ap gen 11 manm ki ka vote ak yon manm elèv ki pa ka voye. Nèf nan manm ki ka vote yo dwe se paran elèv k ap resevwa sèvis nan distri 75 ke yo chwazi dapre pwosedi ki tabli nan regleman an, epi de lòt manm ki ka vote yo se Defansè piblik vil Nouyòk ki nonmen yo. Se Sipèntandan Distri 75 lan ki nonmen manm elèv la.

**C. Elijiblite**

1. Manm paran:

- a. Paran elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan yon lekòl oswa pwogram distri 75 elijib pou poze kandidati pou yon pòs nan Konsèy D75 lan.
- b. Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li (foster parent)), responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak kontwòl yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.
- c. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandidati pou yon pòs nan konsèy D75.
- d. Yon paran ki elijib nan moman aplikasyon an, men ki pa gen yon timoun nan lekòl oswa pwogram D75 ankò pandan dire manda l pa p elijib ankò pou sèvi kòm manm apati dat li pa paran yon elèv nan lekòl oswa pwogram D75 la ankò.

- e. Dire manda manm paran yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.
2. Manm ke Defansè piblik la nonmen
    - a. De manm ke Defansè piblik la nonmen yo dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan domèn edikasyon, nan fòmasyon, nan trening oswa nan anbochaj moun ki gen andikap ki pral kontribye anpil pou amelyore edikasyon espesyal nan lekòl Vil Nouyòk. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.
    - b. Moun k ap chèche pou Defansè piblik la nonmen yo nan Konsèy D75 la ap jwenn yon aplikasyon nan FACE, epi y ap voye fòm ki ranpli a bay FACE nan [ccecinfo@schools.nyc.gov](mailto:ccecinfo@schools.nyc.gov). FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay Defansè piblik la. Tout desizyon nominasyon ap pran dapre pwòp volonte defansè piblik la.
  3. Manm elèv (manm ki pa ka vote)
    - a. Elèv lekòl segondè distri 75 k ap nan dènye ane pandan ane y ap nan konsèy la elijib pou Sipèentandan Distri 75 lan nonmen yo. Nan objektif règleman sa a, yo konsidere yon elèv ki gen 30 kredi lekòl segondè kòm yon elèv dènye ane (*senior*).
    - b. Elèv ki enterese dwe pran yon aplikasyon nan FACE epi voye aplikasyon ki ranpli an nan FACE nan [ccecinfo@schools.nyc.gov](mailto:ccecinfo@schools.nyc.gov). FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay Sipèentandan Distri 75. Tout desizyon sou nominasyon ap pran dapre pwòp volonte Distri 75 Sipèentandan an.
    - c. Manm elèv ki pa ka vote yo eli pou yon manda yon ane ki kòmanse apati 1ye jiyè epi pou fini 30 jen ane apre a.
  4. Moun ki pa elijib pou vin manm
    - a. Moun sa yo pa elijib:
      - i. Moun ki nan yon pòs leta oswa moun yo eli oswa nonmen oswa moun yon pati nome nan yon pòs leta (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè eta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan yon komite rejyon (county));
      - ii. Anplwaye k ap travay pou DOE kounye a;
      - iii. Moun ki nan yon lòt Konsèy tout vil oswa nan nenpòt CEC.

D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021

- iv. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP);
  - v. Moun yo te revoke nan yon PA/PTA, Ekip lidèchip lekòl (School leadership Team, SLT), nan Konsèy Prezidan Distri, nan Konsèy lekòl segondè Borough (Borough High School Council, BHC), nan Komite Tit I, oswa nan konsèy lekòl kominotè pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa komite dirijan sa a; epi
  - vi. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè.
- b. Moun sa yo ka pa elijib:
- i. Moun ki te angaje nan yon zak mekanste ki gen rapò dirèk avèk sèvis yo nan yon CEC oswa nan yon Konsèy tout vil; oswa
  - ii. Moun yo te kondane pou yon krim, si yo konsidere kondanasyon sa a dapre Atik 23-A lwa penal Nouyòk.

D. Si w ap chèche pou yo eli w nan Konsèy D75

1. FACE ap pibliye pwosesis eleksyon an, ki gen ladan kalandriye pou voye aplikasyon ak vote, apati janvye ane eleksyon an.
2. Paran ki enterese pou vin manm Konsèy D75 ap voye yon aplikasyon sou entènèt atravè yon aplikasyon NYCSA. Paran ki pa gen aksè nan entènèt dwe fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa nan biwo distri a, oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou jan pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik yo.
3. Kandida yo ap sètifye nan aplikasyon an ke yo mete tout timoun yo ki nan lekòl DOE sou kont NYCSA yo. Y ap konsidere yon kandida ki aplike pou Konsèy D75 lan kòm yon reprezantan chak lekòl Distri 75 kote yo gen kounye a yon timoun nan prezans la. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl Distri 75 kote l se yon reprezantan, sa ap lakoz yo diskalifye li.
4. Kandida yo ka aplike pou otan konsèy Edikasyon Vil la ak/oswa kominote ke yo elijib men, si yo eli, yo pral otorize pou sèvi nan sèlman youn. Kandida ki swete aplike pou plizyè konsèy dwe klase yo dapre lòd preferans; si yo eli yo nan plis pase yon konsèy, y ap plase yo nan konsèy yo te klase pi wo a.

E. Fowòm Kandida

1. Konsèy Prezidan Distri 75 lan, nan kolaborasyon avèk sipò lojistik FACE, pral fè omwen yon fowòm kandida kote kandida yo pral otorize fè prezantasyon bay paran ak lòt moun ki enterese.

2. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan peryòd vòt lan kòmanse, ki dwe fini avan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an.
3. Fowòm Kandida yo ka fèt nan yon lokal fizik oswa sou yon platfòm reyinyon vityèl. Konsèy Distri 75 prezidan an, ansanm ak FACE, pral detèmine dat, lè ak fòm pou chak fowòm kandida. Nan ka yon fowòm an pèsòn, FACE pral mete yon lokal ki aksesib, ki respekte nòm ADA ak pran ak responsab pri tout pèmi ki nesèsè pou lokal DOE. Nan ka fowòm ki fèt nan yon platfòm vityèl, FACE pral responsab peye platfòm lan ak bay asistans teknik pandan reyinyon an.
4. Avan chak Fowòm Kandida, FACE pral mete pòsyon aplikasyon chak kandida disponib k ap gen non kandida a, lekòl ak pwogram timoun yo, ak deklarasyon pèsònèl (“Pwofil Kandida”). Yo pral afiche Pwofil Kandida yo nan sitwèb DOE pou paran ak piblik la ka wè. FACE pral bay tou kopi pou yo distribye nan Fowòm Kandida k ap fèt anpèsòn yo.

F. Pwosesis eleksyon

1. Moun ki elijib pou vote
  - a. Yon paran yon elèv k apresewa sèvis edikasyon espesyal nan tout vil la nan yon lekòl distri 75 oswa pwogram elijib pou poze kandidati pou yon pòs nan D75 Council la.
  - b. Yo ka bay twa vòt pa elèv ki elijib.
2. Vòt
  - a. Nou ankouraje paran yo pou vote sou entènèt atravè aplikasyon NYCSA.
  - b. Paran ki pa gen aksè nan entènèt ka fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa biwo distri a pou tabli yon kont NYCSA epi vote, oswa rele 311 pou enfòmasyon pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik.
  - c. Bilten vòt an papyè pral disponib tou nan biwo sipèentandan yo. Si yon biwo sipèentandan kreye yon kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non yon paran, biwo sipèentandan an dwe kenbe dosye bilten vòt an papyè paran an ranpli an ki endike chwa paran, konsantman paran an pou biwo sipèentandan an kreye kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non paran an, ak yon sètifika ke biwo sipèentandan an te antre vòt paran an nan non paran an.

3. Plas kandida yo
  - a. Nenpòt paran ki elijib ka ranpli nèf plas kandida yo nan Konsèy D75 lan. Anplis, sof nan limit ta gen nesesite pou ranpli tout pòs yo, okenn lekòl pa ka gen plis pase yon reprezantan nan Konsèy D75.
  - b. Lè yo fin konte bilten vòt yo, yo dwe chwazi nèf kandida ki gen kantite vòt ki pi wo yo pou ranpli yon syèj sou kondisyon. Sepandan, si pami nèf kandida sa yo gen plis pase yon kandida ki soti nan menm lekòl la, yo pral chwazi kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a, y ap retire kandida ki soti nan menm lekòl la ki gen kantite vòt ki pi piti a, epi yo pral chwazi pwochen kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a ki soti nan yon lòt lekòl ki poko reprezante nan Konsèy D75 la sou kondisyon.
4. Dezyèm tou eleksyon
  - a. Y ap fè dezyèm tou eleksyon lè:
    - i. gen de oswa plizyè kandida ki gen menm kantite vòt; oswa
    - ii. youn oswa plizyè pòs rete vid apre tout kandida yo ki pa nan menm lekòl te deja okipe pòs nan D75 Council la.
  - b. Nan ka gen de oswa plizyè kandida gen menm kantite vwa, se sèlman kandida sa yo ki te gen menm kantite vòt yo ki pral patisipe nan lòt tou eleksyon yo.
  - c. Si gen yon dezyèm tou akòz youn oswa plizyè plas ki e vid apre eliminasyon kandida ki gen timoun nan lekòl yo deja reprezante nan Konsèy D75 lan, se sèlman kandida yo p at chwazi sou kondisyon, ki reprezante yon borough ki gen plas vid epi ki pa gen timoun nan yon lekòl ki deja reprezante pami kandida ki okipe pòs yo k ap nan dezyèm tou a. Si dezyèm tou eleksyon an pa rive ranpli tout pòs vid yo, donk yo pa pral aplike restriksyon konsènan pou lekòl pa gen plis pase yon reprezantan nan Konsèy D75 lan.
  - d. Kote rezilta lòt tou eleksyon yo nil oswa kote kandida yo gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis eleksyon an pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
  - e. Si pwosesis lòt tou eleksyon yo pale pi wo a pa rive ranpli tout pòs yo, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon II.J règleman sa a.

G. Evalyayon kalifikasyon/elijiblite apre chwa

1. Apre yo fin chwazi kandida yo sou kondisyon men avan yo kòmanse fonksyon yo, FACE ap detèmine si kandida yo elijib pou sèvi nan Konsèy D75 lan. Si FACE detèmine yon kandida pa elijib, FACE ap pibliye yon desizyon alekri ki gen ladan baz legal, ak prèv pou sa li pibliye a. Yo dwe ranplase nenpòt kandida FACE detèmine ki pa elijib pou pòs la avèk kandida ki te gen plis kantite apre a, epi ki pa soti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan Konsèy D75.
2. Si yon kandida vin pa elijib oswa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a fini 30 jen ane eleksyon an oswa avan dat sa a, y ap sanse chwazi sou kondisyon kandida ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan Konsèy D75 lan, ki te gen plis vòt pandan premye tou a apre kandida sa a.
3. Si kandida yo chazi yo jan yo di nan seksyon sa gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
4. Si pa gen kandida elijib ankò ki disponib pou yo chwazi, ap sanse genyen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon II.J règleman sa a.

H. Kalandriye

1. Y ap fè eleksyon manm Konsèy D75 lan chak dezan, nan ane ki pa pè yo. Vòt la ap fini nan dezyèm Madi mwa me, san konte lòt tou eleksyon ki nesèsè.
2. Pwosesis eleksyon an ap kòmanse an janvyè ane y ap fè eleksyon an, kote FACE ap piblye enfòmasyon konsènan wòl, fonksyon ak aktivite Konsèy D75 lan, enfòmasyon sou kandida, ansanm avèk nati aplikasyon an ak pwosesis vòt la.
3. Manda manm Konsèy D75 lan dwe kòmanse 1ye jiyè apre eleksyon an epi fini 30 jen dezan apre. Yo mande tout manm Konsèy D75 pou ale nan yon sesyon oryantasyon FACE òganize avan kòmansman manda yo, epi omwen nan yon lòt trening nan dezyèm ane manda yo.

I. Demisyon

1. Manm paran

Demisyon manm paran yo dwe fèt alekri, bay FACE nan [ccecinfo@schools.nyc.gov](mailto:ccecinfo@schools.nyc.gov). Demisyon yo ap efektif imedyatman lè yo rive nan



men FACE sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè FACE dakò.

2. Manm ke Defansè piblik la nonmen

Demisyon manm ke Defansè piblik la nonmen yo dwe fèt alekri pou Defansè piblik la, avèk yon kopi pou FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif kou yo bay Defansè piblik la li sofsi yo espesifye l pou yon dat apre. Manm yo ka pa ka retire, ni anile, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

3. Manm elèv

Demisyon manm elèv yo dwe fèt alekri ba sipèentandan Distri 75 lan, avèk yon kopi ba FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif lè yo remèt li bay Sipèentandan Distri 75 lan, sofsi yo espesifye yon lòt dat apre. Manm ki bay demisyon yo pa ka chanje lide, ni anile l ni modifye l, eksepte si sipèentandan Distri 75 lan bay konsantman l.

J. Pòs vid

1. Pòs manm paran ak pòs Defansè piblik nonmen ki vid yo

- a. Manm Konsèy D75 ki, nan fen manda yo, refize oswa neglije ale nan twa reyinyon mansyèl regilye Konsèy D75 lan, san yo pa bay yon eskiz valid alekri, alòske yo te mete yo okouran kòmmsadwa, yo konsidere ke yo kite fonksyon an.
  - i. Y ap mete nan pwosèvèbal ofisyèl reyinyon sa a chak absans ak tout eskiz alekri manm sa yo bay.
  - ii. Bagay sa yo reprezante eskiz valab pou absans: lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm Konsèy D75 a oswa yon moun nan fanmi manm lan pran nan yon aksidan, lòd tribinal pou l prezante l paegzanp pou ranpli obligasyon l kòm manm nan jiri ; travay militè; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè manm lan oblije absan nan reyinyon yon D75 Konsèy ak lòt rezon D75 Konsèy a jije apwopriye. Yo ka konsidere rezon sa yo valab si yo mete D75 Council okouran alekri pa pi ta pase 15 jou apre absans lan epi D75 Council apwouve yo pa vòt nan pwochen reyinyon chak mwa yo pwograme regilyèman kote ki gen kowòm.
  - iii. Apre twazyèm absans manm lan san l pa bay eskiz valab, Konsèy D75 lan ap deklare pòs la vid atravè desizyon epi l ap mete FACE okouran konsènan mezi sa a. Si yo deklare gen yon pòs vid manm ke Defansè piblik lan te nonmen, D75 Council la dwe avize tou Defansè piblik lan.

- b. Lè gen yon pòs paran ki vid, D75 Council la ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko fini an atravè yon eleksyon nan yon reyinyon piblik.
    - i. D75 Council la ap piblye pòs vid la tout kote, dekri pwosesis aplikasyon an ak espesifye yon delè pou voye aplikasyon yo ale.
    - ii. Tout kandida dwe jwenn yon aplikasyon pou pòs ki vid nan Konsèy D75 nan men FACE. epi voye fòm ki ranpli a bay FACE. FACE ap gade si yo elijib pou ranpli pòs la, epi l ap voye pòsyon aplikasyon Kandida ki elijib yo ba D75 Council.
    - iii. Y ap bay konsèy prezidan distri 75 ak lòt gwoup edikasyon ki enterese opòtinite pou yo fè rekòmandasyon alekri ak pou pale avèk Konsèy D75 lan avan yo konble pòs la.
  - c. Si konsèy D75 la pa ranpli pòs vid la sou 60 jou apre yo deklare manm yo gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou pèmèt yon kandida vin gen majorite. Si Konsèy D75 lan pa ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a ap bay Konsèy D75 lan lòd pou konble pòs la.
  - d. Lè pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen vin vid, Defansè piblik la dwe nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Moun ki enterese yo dwe jwenn yon Aplikasyon pou moun Defansè Piblik la nome Konsèy D75 nan FACE epi retounen fòm ki ranpli an bay FACE. FACE dwe gade elijiblite pou ranpli pòs la, epi voye aplikasyon an bay Defansè piblik lan. Tout desizyon nominasyon dwe pran avèk diskresyon Defansè piblik la.
2. Pòs manm elèv ki vid

Nan ka gen yon pòs elèv vid, Sipèentandan Distri 75 lan pral nonmen yon lòt elèv dènye ane Distri 75 pou fè rès manda a ki poko ekspire a. Sipèentandan Distri 75 la pral enfòmè FACE ak Konsèy D75 lan sou nominasyon an.

### **III. PWOSESIS POU POTE PLENT**

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent osijè moun ki pa respekte règleman sa a sou senk (5) jou apre swadizan vyolasyon an, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesifik pou plent lan.

### **IV. ASISTANS TEKNIK**

FACE pral sipèvize aplikasyon pwosedi ki nan règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè sa nesèsè.

D-150 PWOSESIS POU FÈ SELEKSYON MANM KONSÈY VIL LA POU EDIKASYON ESPESYAL AK  
KONSÈY VIL LA POU DISTRI 75 - 29 avril 2021

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Empowerment

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street – Room 409

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4118

Imèl: [CCECinfo@schools.nyc.gov](mailto:CCECinfo@schools.nyc.gov)